

NHAI DZAKANAKA



INDABA EZIMNANDI




Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa Gabhuri kuNazareta, guta riri muGarirea, kumhandara yakanga yatsidzira kuwanikwa nomurume ainzi Josefa, chizvarwa chaDhavhidhi. Zita remhandara iyi rainzi Maria. Mutumwa akasvika kwaari akati, “Kwaziwa, iwe wakanzwirwa nyasha zvikuru! Ishe anewe.” Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye akashamiswa kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii. Asi mutumwa akati kwaari, “Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha naMwari. Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rokuti Jesu. Iye achava mukuru uye achanzi Mwanakomana woWokumusoro-soro. Ishe Mwari achamupa chigaro choushe chababa vake Dhavhidhi, uye achatonga pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi; umambo hwake hahungatongogumi.” Maria akati, “Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri sezvamareva.” Ipapo mutumwa akabva paari.

Ruka 1:26-33 & 38

Ngenyanga yesithupha uNkulunkulu wathuma ingilosi uGabhariyeli eNazaretha, idolobho elaliseGalile, ukuya entombini emsulwa eyayithembise ukutshada lendoda eyayithiwa nguJosefa, owesizukulwane sikaDavida. Ibizu lentombi emsulwa kwakunguMariya. Ingilosi yaya kuye yathi, “Sabona, wena othandiweyo! INkosi ilawe.” Amazwi ayo amhlupha kakhulu uMariya wamangala ukuthi kanti kwakuyikubingelela bani lokhu. Kodwa ingilosi yathi kuye, “Ungesabi, Mariya, uthole umusa kuNkulunkulu. Uzakhulelwa uzale indodana, uyethe ibizo uthi nguJesu. Uzabangumuntu omkhulu abizwe ngokuthi yiNdodana yoPhezukonke. INkosi uNkulunkulu izamupha isihlalo sikayise uDavida, njalo uzabusa phezu kwendlu kaJakhobe laphakade; umbuso wakhe kawuyikuphela.” UMariya waphendula wathi, “Ngiyincekukazi yeNkosi. Kakwenzeke kimi njengoba utshilo.” Ingilosi yasisuka kuye.

ULukha 1:26-33 & 38



Saka Josefawo akakwira achibva kuguta reNazareta muGarirea achienda kuJudhea, kuBheterehema guta raDhavhidhi nokuti akanga ari weimba ya-Dhavhidhi noworudzi rwake. Akaenda ikoko kundonyoresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye uye akanga ava napamuviri. Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa kwomwana yakasvika, akazvara dangwe rake, mwanakomana. Akamuputira nemicheka akamuisa muchidiro chezvipfuwo, nokuti muimba yavaeni makanga musisina nzvimbo yavo. Ruka 2:4-7

Kwathi-ke uJosefa laye wahamba esuka edolobheni leNazaretha eseGalile waya eJudiya, eBethlehem idolobho likaDavida, ngokuba waye ngowendlu losendo lukaDavida. Wayakhona ukuyabhalisa eloMariya, owayesethembise ukwendela kuye, esekhulelwe. Bathi bekhonale safika isikhathi sokubelethwa komntwana, wazibula ngendodana. Wayigoqela ngamalembu wayilalisa emkolweni wokudlela izifuyo ngokuba babengelandawo endlini yezihambi. ULukha 2:4-7



Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva pedyo naikoko, vachichengeta makwai avo usiku. Mutumwa waShe akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwaJehovha kwakavakomba, uye vakatya kwazvo. Asi mutumwa akati kwavari, “Musatya. Ndauya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru uchava wavanhu vose. Nhasi muguta raDhahvidhi mazvarwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. Ichi ndicho chichava chiratidzo kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa nemicheka uye avete muchidiro chezvipfuwo.” Pakarepo hondo huru yokudenga yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachiti: “Mwari ngaarumbidzwe kumusoro-soro, uye rugare panyika nokuvanhu vaanofarira.”

Ruka 2:8-14

Kwakulabelusi behlala emlageni eduze kwalapho, belinda imihlambi yabo yezimvu ebusuku. Ingilosi yeNkosi yabonakala kubo, inkazimulo yeNkosi yakhanya ibazin-gelezile, ngakho besaba kakhulu. Kodwa ingilosi yathi kubo, “Lingesabi. Ngililethele izindaba ezimnandi ezentokozo enkulu ezakuba ngeyabantu bonke. Lamuhla lizalelwe uMsindisi emzini kaDavida; unguKhristu iNkosi. Lokhu kuzakuba yisiboniso kini: Lizafumana umntwana egoqelwe ngamalembu elele esibayeni.” Masinyane kwaqhama ixuku lebandla lasezulwini likanye lengilosi lidumisa uNkulunkulu lisithi, “Inkazimulo kuNkulunkulu phezulu kwaphezulu, emhlabeni ukuthula ebantwini abathokozelwa nguye.”

ULukha 2:8-14



Uye mwana akakura akasimba; akanga azere nouchenjeri, uye nyasha dzaMwari dzaiva pamusoro pake. Ruka 2:40

Umntwana wakhula, waqina; wagcwala inhlakanipho, njalo umusa kaNkulunkulu waba phezu kwakhe. ULukha 2:40



Uye saizvozvo Johani akauya, achibhabhatidza murenje uye achiparidza rubhabhatidzo rwokutendeuka kuti varegererwe zvivi. Nyika yose yeJudhea navanhu vose veJerusarema vakaenda kwaari. Vachireurura zvivi zvavo, vakabhabhatidzwa naye muRwizi rweJorodhani. Johani aipfeka nguo dzamakushe engamera, nebhanhire reganda muchiuno chake, uye aidya mhashu nouchi hwesango. Uye iyi ndiyo yakanga iri mharidzo yake: “Shure kwangu kuchauya mumwe ane simba kupfuureni wandisina kufanira kusunungura rukanda rweshangu dzake. Ndinokubhabhatidzai nemvura, asi iye achakubhabhatidzai noMweya Mutsvene.” Panguva iyoyo Jesu akauya achibva kuNazareta muGarirea uye akabhabhatidzwa naJohani muJorodhani. Jesu paakanga ava kubuda mumvura, akaona denga richizarurwa uye Mweya achiburukira pamusoro pake senjiva. Uye inzwi rakauya richibva kudenga richiti, “Ndiwe Mwanakomana wangu, wandinoda, wandinofarira kwazvo.”

Mako 1:4-11

Kwasekufika uJohane ebhaphathiza emmangweni wasenkangala etshumayela ukubhaphathiza kokuphenduka ukuze kuthethelelwe izono. Ummango wonke waseJudiya kanye labantu bonke baseJerusalema baphuma beza kuye. Bavuma izono zabo, wababhaphathiza eMfuleni uJodani. UJohane wayevunula izigqoko ezazenziwe ngoboya bekamela, elebhanti lesikhumba ekhalweni lwakhe, esidla izintethe lololu. Intshumayelo yakhe yayisithi: “Ngemva kwami kuzafika omunye ozaba lamandla kulami, omichilo yamanyathela akhe akungilingananga ukuthi ngikhothame ngiyithukulule. Mina ngilibhaphathiza ngamanzi, kodwa yena uzalibhaphathiza ngoMoya Ongcwele.” Kusona lesosikhathi uJesu weza evela eGalile wabhaphathizwa nguJohane eJodani. UJesu ephuma emanzini wabona izulu livuleka uMoya eshlela phezu kwakhe enjengejuba. Kwafika ilizwi livela ezulwini lathi: “Wena uyiNdodana yami engiyithandayo; ngiyathokoza kakhulu ngawe.”

UMakho 1:4-11



Jesu akakwira pagomo akadana kwaari vaya vaaida, uye vakauya kwaari. Akasarudza vane gumi navaviri akavati vapostori, kuti vagare naye uye kuti agozovatuma kuti vandoparidza uye kuti vave nesimba rokudzinga madhimoni.

Mako 3:13-15


UJesu wakhwela entabeni wabiza labo ayebafuna, beza kuye. Wehlukanisa abalitshumi lambili wabamisa ukuba ngabaphostoli ababekakuba laye ukuze abathume ezindaweni bayotshumayela lokuba lamandla okukhupha amadimoni.

UMakho 3:13-15



Zvino kwakanga kuno mumwe murume weboka ravaFarisi ainzi Nikodhimo, nhengo yedare ravaJudha raitonga. Akauya kuna Jesu usiku akati, “Rabhi, tinoziva kuti muri mudzidzisi akabva kuna Mwari. Nokuti hakuna munhu angagona kuita zviratidzo zva-munoita kana Mwari asinaye.” Jesu akapindura akati, “Ndinokuudza chokwadi, hakuna munhu angaona umambo hwaMwari kana asina kuberekwa patsva.” Nikodhimo akabvunza akati, “Munhu angaberekwa seiko iye ava mukuru? Zvirokwazvo haangagoni kupinda mudumbu ramai vake kechipiri kuti aberekwe patsva!” Jesu akapindura akati, “Ndinokuudza chokwadi, hakuna munhu angapinda muumambo hwaMwari kana asina kuberekwa nemvura uye noMweya. Nyama inobereka nyama, asi Mweya anobereka Mweya. Johani 3:1-6

Kwakulendoda kubaFarisi eyayithiwa nguNikhodemu, elilunga lomphakathi wabaJuda ababusayo. Weza kuJesu ebusuku wathi, “Rabi, siyazi ukuthi ungumfundisi ovela kuNkulunkulu. Ngokuba kakho obengayenza imimangaliso oyenzayo wena uma uNkulunkulu engelaye.” Esephendula uJesu wathi, “Ngियाqinisa ngithi ngaphandle kokuba umuntu azalwe futhi, angeke awubone umbuso kaNkulunkulu.” UNikhodemu wathi, “Kanti umuntu angazalwa kanjani yena esemdala na? Ngeqiniso, angazake angene ngokwesibili esiswini sikanina ukuze azalwe!” UJesu waphendula wathi, “Ngियाqinisa ngithi, ngaphandle kokuthi umuntu azalwe ngamanzi langoMoya, angeke awungene umbuso kaNkulunkulu. Inyama izala inyama, kodwa uMoya uzala umoya. UJohane 3:1-6



Pasina kupera nguva refu, Jesu akaenda kuguta rainzi Naini, uye vadzidzi vake navanhu vazhinji kwazvo vakaendawo naye. Kuzoti ave kuswedera pasuwo reguta, munhu akafa akanga akatakurwa achiburitswa kunze, aingova mwanakomana mumwe chete wamai vake, uye vakanga vari chirikadzi. Uye vanhu vazhinji kwazvo vaibva muguta vaiva navo. Ishe akati achimuona, mwoyo wake wakamunzwira tsitsi, akati kwavari, “Musachema.” Ipapo akaswederako akabata hwanyanza, uye vaya vakanga vakamutakura vakamira. Iye akati, “Jaya, ndinoti kwauri, muka!” Munhu uya akanga afa akamuka akagara akatanga kutaura, uye Jesu akamupa kuna mai vake. Vose vakazadzwa nokutya uye vakarumbidza Mwari. Vakati, “Muprofita mukuru amuka pakati pedu. Mwari auya kuzobatsira vanhu vake.” Ruka 7:11-16

Kungakabi yisikhathi eside ngemuva kwalokhu, uJesu waya edolobheni okwakuthiwa yiNayini, abafundi bakhe kanye lexuku labantu elikhulu babehamba laye. Wathi esebanga entubeni yedolobho, khonapho umuntu ofileyo wayethwelwe ekhutshelwa ngaphandle — eyiyo yodwa indodana kanina wayo, lowonina engumfelokazi. Ixuku elikhulu labantu bedolobheni lalilaye. Kwathi uJesu embona umfelokazi, wamzwela usizi wathi kuye, “Ungakhali.” Wasesondela wathinta ithala elalilesidumbu, kwathi labo ababelithwele bema mpo. Wathi, “Jaha, ngithi kuwe vuka!” Indoda efileyo yavuka yahlala, yasikhuluma, uJesu wayinika unina. Bonke bagcwala ukwesaba badumisa uNkulunkulu. Bathi, “Umphrofethi omkhulu usevelile phakathi kwethu. UNkulunkulu usefikile ukuzasiza abantu bakhe.”

ULukha 7:11-16



Jesu akati asimudza meso ake akaona vanhu vazhinji zhinji vachiyuwa kwaari, akati kuna Firipi, “Tichatenga chingwa kupiko chokuti vanhu ava vadye?” Akabvunza izvi achida chete kumuedza, nokuti akanga atoziva kare mupfungwa dzake zvaakanga achizoita. Firipi akamupindura akati, “Mubayiro unoshandirwa kwemwedzi misere haugoni kutenga chingwa chinokwana mumwe nomumwe hake, kuti awane chimedu!” Mumwe wavadzidzi vake, Andirea, munun'una waPetro, akati, “Houno mukomana ane zvingwa zviduku zvebhari nehove mbiri, asi zvingasvikepiko pakati pavanhu vakawanda zvakadai?” Jesu akati, “Itai kuti vanhu vagare pasi.” Panzvimbo iyo pakanga pano uswa huzhinji kwazvo, uye varume vakagara pasi vakanga vachikarovvika zviuru zvishanu. Ipapo Jesu akatora zvingwa zviya, akavonga, uye akazvigovera kuna vava vakanga vagara pasi mumwe nomumwe paaida napo. Akaita zvimwe chetezvo nehove. Vakati vadya vose, akati kuvadzidzi vake, “Unganidzai zvimedu zvose zvasara. Musarega zvichiraswa.” Saka vakazviunganidza zvikazara matengu gumi namaviri nezvimedu zvezvingwa zvebhari zvishanu, zvakanga zvasiyiwa navaya vakanga vadya. Vanhu vakati vaona chiratidzo chakanga chaitwa naJesu, vakatanga kuti, “Zvirokwazvo uyu ndiye muprofitu aifanira kuuya panyika.”

Johani 6:5-14

UJesu wathi uyakhanga wabona ixuku labantu elikhulu lisiza kuye, wathi kuFiliphu, “Sizasithenga ngaphi isinkwa ukuze abantu laba badle?” Wabuza lokhu emlinga nje kuphela ngokuba wayevele esekwazi ayezakwenza. UFiliphu wamphendula wathi, “Amadenariyo angamakhulu amabili ngeke athenge isinkwa esaneleyo ukuthi lowo lalowo azuze ucezwana!” Omunye wabafundi bakhe, u-Andrea, umfowabo kaSimoni Phethro, wakhuluma wathi, “Nangu umfana olezinkwa zebhali ezinhlanu lezinhlani ezimbili ezincinyane, kodwa zingafika ngaphi ebantwini abanengi kangaka na?” UJesu wathi, “Hlalisani abantu phansi.” Kwakulotshani obunengi kuleyondawo, asehlala phansi amadoda ubunengi bawo bungaba yizinkulungwane ezinhlanu. UJesu wasezithatha izinkwa, wakhuleka, wasezabela labo abasebehlezi phansi, wabapha njengokufuna kwabo. Wenza njalo langezinhlani. Kwathi bonke sebanelisiwe yikudla, wasesithi kubafundi bakhe, “Buthani imvuthu eseleyo. Kakungalahlwa lutho.” Ngakho bazibutha bagcwalisa izitsha ezilitshumi lambili ngemvuthu zezinkwa zebhali ezatshiywa yilabo ababedlile. Abantu sebewubonile ummangaliso awenzayo uJesu baqalisa ukuthi, “Ngeqiniso lo nguyu uMphrofethi ozafika emhlabeni.”

UJohane 6:5-14




Nguva yamadekwana yakati yasvika, vadzidzi vake vakaburuka vakaenda kugungwa, uko kwavakandopinda mugwa vakasimuka vakayambuka mhiri kwegungwa vakananga kuKapenaume. Zvino kwakanga kwasviba, uye Jesu akanga asati ava pavari. Mhepo ine simba yakanga ichivhuvhuta uye kukava namafungu ane hashu. Vakati vakwasva igwa kwamakiromita angaita mashanu kana matanhatu, vakaona Jesu achiuya kuigwa, achifamba pamusoro pemvura; uye vakatya zvikuru. Asi iye akati kwavari, “Ndini; musatya.” Ipapo vakafara kumugamuchira mugwa; pakarepo igwa rakasvika kumahombekombe kwavakanga vakananga. Johani 6:16-21

Kwathi sekusihlwa abafundi behlela echibini, lapho abakhwela khona isikepe bachapha ichibi baya eKhephanawume. Ngalesosikhathi kwase kuhlwile, uJesu elokhu engakabuyi kubo. Kwakuvunguza umoya omkhulu amanzi asequbuka kubi. Sebegwedle okwamabanga amathathu loba amane bambona uJesu esiza esikepeni ehamba phezu kwamanzi; bethuka kakhulu. Kodwa wathi kubo, “Yimi; lingesabi.” Babefuna ukumngenisa esikepeni, kwathi masinyane isikepe sahle safika ekhunjinini lapho ababeqonde khona. UJohane 6:5-14




Vanhu vakanga vachiuya navana vaduku kuna Jesu kuti avabate, asi vadzidzi vakavatsiura. Jesu paakazviona, akatsamwa. Akati kwavari, “Regai vana vaduku vauye kwandiri, uye musavadzivisa, nokuti umambo hwaMwari ndohwavakadai. Ndinokuudzai chokwadi, ani naani asingagamuchiri umambo hwaMwari somwana muduku haangatongopindi mahuri.” Ipapo akatora vana akavafungatira mumaoko ake, akaisa maoko ake pamusoro pavo akavaropafadza. Mako 10:13-16

Abantu babeletha abantwana abancinyane kuJesu ukuze ababeke izandla, kodwa abafundi babakhuza. UJesu wathi ekubona lokho wacaphuka. Wathi kubo, “Yekelani abantwana abancane beze kimi, lingabavaleli, ngokuba umbuso kaNkulunkulu ungowabanjengalaba. Ngilitshela iqiniso ukuthi loba ngubani ongayikwemukela umbuso kaNkulunkulu njengomntwana omncane kayikungena kuwo.” Wasebathatha abantwana ebaphatha, wababeka izandla wababusisa. UMakho 10:13-16



“Ndini mufudzi akanaka. Mufudzi akanaka anorasira makwai ake upenyu hwake. Makwai angu anonzwa inzwi rangu; ini ndinoaziva, uye anonditevera. Ndinoapa upenyu husingaperi, uye haatongofi; hakuna munhu angaabvuta muruoko rwangu.” Johani 10:11 & 27-28

“Ngingumalusi olungileyo. Umalusi olungileyo unikela ukuphila kwakhe izimvu zakhe. Ezami izimvu ziyalilalela ilizwi lami; ngiyazazi lazo ziyangilandela. Ngizipha ukuphila okungapheliyo, kazisoze zabhubha; kakho ongazihlwatha esandleni sikaBaba.” UJohane 10:11 & 27-28



Ipapo vaprista vakuru navaFarisi vakadanidzira musangano weDare Guru ravaJudha. Vakati, “Tiri kuiteiko? Hounoka munhu uyu ari kuita zviratidzo zvesimba zvizhinji. Kana tikamurega achienderera mberi saizvozvi, munhu wose achatenda kwaari, uye vaRoma vachauya vakatitorera zvose nzvimbo yedu norudzi rwedu.” Ipapo mumwe wavo ainzi Kayafasi, akanga ari muprista mukuru wegore iroro akataura achiti, “Hamuna zvamunoziva imi! Hamuzivi here kuti zviru nani kwamuri kuti munhu mumwe afire vanhu pano kuti rudzi rwose rugarare.” Haana kungotaura izvi pachake, asi sezvaakanga ari muprista mukuru wegore iroro, akaprofita kuti Jesu aizofira rudzi rwavaJudha, uye rusati ruri rudzi irworwo bedzi asiwo vana vaMwari vakapararira, kuti avaunganidze agovaita vamwe. Saka kubva pazuva iroro zvichienda mberi, vakarangana kumuuraya. Johani 11:47-53

Abaphristi abakhulu labaFarisi basebebiza umhlangano woMphakathi. “Kanti sivele senzani?” babuzana. “Nangu phela umuntu lo esenza imimangaliso eminengi. Singamyekela aqhubeke ngalindlela, wonke umuntu uzakholwa kuye, njalo amaRoma azakuza athathe indawo yethu lesizwe sethu.” Kwasekusithi omunye wabo owayethiwa nguKhayafasi, owaye ngumphristi ophezu kwabanye ngalowomnyaka wakhuluma wathi, “Kalazi lutho loluncinyane! Kalikuboni lina ukuthi kungcono ukuba umuntu oyedwa afele abantu kulokuthi kubhubhe isizwe sonke.” Lokhu kazikhulumelanga yena ngokwakhe, kodwa njengomphristi ophezulu kwabanye ngalowomnyaka waphrofetha ukuthi uJesu wayezafela isizwe sabaJuda, kungasiso isizwe leso sodwa kodwa labantwana abachithekeneyo bakaNkulunkulu, ukuze balethwe ndawonye benziwe babe munye. Yikho kusukela ngalesosikhathi bakha amacebo okumbulala. UJohane 11:47-53




Ava madekwana Jesu akagara patafura navane gumi navaviri. Vari pakati pokudya akati, “Ndinokuudzai chokwadi kuti mumwe wenyu achandipandukira.” Vakasuwa zvikuru uye vakatanga, mumwe nomumwe kuti, “Chokwadi, ndini here, Ishe?” Jesu akapindura akati, “Munhu aisa ruoko neni mundiro, ndiye achandipandukira.”

Mateo 26:20-23


Kwathi kusihlwa uJesu wayehlezi eyeme etafuleni elabaliTshumi lambili. Kwathi besidla wathi, “Ngilitshela iqiniso ukuthi omunye wenu uzanginikela.” Badana kakhulu basebesithi kuye ngamunye, “Ngeqiniso kakusimi, Nkosi, kambe?” UJesu waphendula wthi, “Lowo otshebe kanye lami emganwini uzanginikela.

UMathewu 26:20-23



Vamwezve varume vaviri, vose vakanga vari mbavha, vakatorwawo pamwe chete naye kuti vandourayiwa. Vakati vasvika panzvimbo yainzi Dehenya, vakamurovera ipapo, pamwe chete nembavha, mumwe kurudyi rwake, mumwe kuruboshwe rwake. Mumwe wembavha dzakanga dzakaremba pamwe chete naye akamutuka achiti, “Ko, ndiwe Kristu here? Zviponese ugoponesa nesuwo!” Asi imwe mbavha yakamut-siura ikati, “Hautyi Mwari here iwe, sezvo uri pakutongwa kumwe cheteko? Isu tiri kutongwa zvakarurama, nokuti tiri kupiwa zvakafanira mabasa edu. Asi munhu uyu haana chakaipa chaakaita.” Ipapo akati, “Jesu, mundirangarirewo pamunenge masvika muumambo hwenyu.” Jesu akamupindura akati, “Zvirokwazvo ndinoti kwauri, nhasi uchava neni muparadhiso.” Ruka 23:32-33 & 39-43



Amanye amadoda amabili, bonke beyizigebengu, labo baqhutshwa kanye laye ukuyabulawa. Bathi sebefike endaweni ethiwa luKhakhayi bambethela esiphambanweni kanye lezigebengu lezo — omunye ngakwesokunene kwakhe, omunye ngasekhohlo. Omunye wezigebengu owayelenga khonapho wamthuka wathi, “Kanti kawusuwe uKristu? Zisindise wena kanye lathi!” Kodwa esinye isigebengu samkhuza sathi, “Kawumesabi na uNkulunkulu, njengoba ulesigwebo sinye laye. Thina sijeziwa ngokusifaneleyo, ngoba sizuzo lokho okufanele izenzo zethu. Kodwa umuntu lo kenzanga lutho olungalun-ganga.” Wasesithi, “Jesu, ungikhumbule nxa ungafika embusweni wakho.” UJesu wamphendula wathi, “Ngiyakutshela iqiniso ngithi, lamuhla uzakuba lami epharadisi.” ULukha 23:32-33 & 39-43



Zvino yakanga yava nguva inenge yechitanhatu, rima rikava pamusoro penyika yose kusvikira panguva yepfumbamwe, nokuti zuva rakamira kuvhenekera. Uye chidzitiro chetemberi chakabvarurwa napakati. Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Baba, ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu.” Akati ataura izvi, akabudisa mweya wake. Mukuru wezana, akati achiona zvakanga zvaitika, akarumbidza Mwari achiti, “Zvirokwazvo uyu anga ari munhu akarurama.” Ruka 23:44-47


Kwasekuyisikhathi esingaba lihora lesithupha, ubumnyama bembesa lonke ilizwe kwaze kwaba lihora lesificamunye, ngoba ilanga lema ukukhanya. Ikhetheni lethempeli ladabuka kabili. UJesu wamemeza ngelizwi elikhulu wathi, “Baba, nginikela umoya wami ezandleni zakho.” Esetshilo lokhu waphela. Induna yekhulu isibonile okwenzakeleyo yadumisa uNkulunkulu yathi, “Ngeqiniso lo wayeyindoda elungileyo.”

ULukha 23:44-47





Kwakati kwovira, kwakauya mumwe murume mupfumi aibva kuArimatea, ainzi Josefa, akanga avawo mudzidzi waJesu. Akaenda kuna Pirato akan-dokumbira mutumbi waJesu, uye Pirato akarayira kuti aupiwe. Josefa akatora mutumbi akauputira nomucheka wakachena, akauisa muguva rake idzva raakanga achera padombo. Akakungurutsira ibwe guru pamuromo weguva ndokubva aenda. Maria Magadharena nomumwe Maria vakanga varipo vagere pakatarisana neguva. Mateo 27:57-15

Kwathi ilanga selintambama, kwafika indoda enothileyo yase-Arimathiya, ithiwa nguJosefa, yena owayesemgumfundi kaJesu. Waya kuPhilathu wayacela isidumbu sikaJesu, uPhilathu walaya ukuba kasiphiwe. UJosefa wasithatha isidumbu wasigoqela ngelembu elihlanzekileyo lelineni, wayasibeka ethuneni lakhe elitsha ayeligubhe edwaleni. Wagiqela ilitshe elikhulu emlonyeni wethuna wasehamba. UMariya Magadharena lomunye UMariya babehlezi khonapho malingana lethuna. UMathewu 27:57-61



Nomusi wokutanga wevhiki, mambakwedza, vakadzi vava vakatora zvinonhuwira zvavakanga vagadzira vakaenda kuguva. Vakawana ibwe rakungurutswa kubva paguva, asi vakati vapinda, vakashayiwa mutumbi walshe Jesu. Pavakanga vachiri kushamisika nazvo, pakarepo varume vaviri vakanga vakapfeka nguo chena dzaipenya semheni vakamira parutivi pavo. Mukutya kwavo, vakadzi vava vakakotama pasi nezviso zvavo, asi varume ava vakati kwavari, “Seiko muchitsvaka mupenyu pakati pavakafa? Haapo pano; amuka! Rangarirai zvaakakuudzai, paakanga achinemi muGarirea kuti: ‘Mwanakomana woMunhu anofanira kuiswa mumaoko avatadzi, arovererwe pamuchinjikwa agomukazve pazuva rechitatu.’ ” Ipapo vakarangerira mashoko ake. Ruka 24:1-8

Ngosuku lokuqala lweviki, ekuseni kakhulu abesifazana bathatha amagcobo ababewalungisile baya ethuneni. Bafumana ilitshe ligiqiwe lasuswa ethuneni, kodwa kwathi ngokungena kabaze basifumana isidumbu sikaJesu iNkosi. Bathi belokhu besathithibele ngakho, masinyane kwema eduze labo amadoda amabili egqoke izigqoko ezibenyezela njengombane. Bethuka abesifazana bathi mbo phansi ngobuso, kodwa amadoda lawo athi kubo, “Lidingelani ophilayo kwabafuleyo na? Kakho lapha; usevukile! Khumbulani ukuthi walitshela njani eseselani eGalile wathi: ‘INdodana yoMuntu kumele inikelwe ezandleni zabantu abayizoni, ibethelwe esiphambanweni kuthi ngosuku lwesithathu ivuswe njalo.’ ” Base bewakhumbula amazwi akhe. ULukha 24:1-8



Vakasimuka panguva iyoyo vakadzokera kuJerusarema. Ikoko, vakandowana vane gumi nomumwe navamwe vavaiva navo, vakaungana pamwe chete uye vachiti, “Ichokwadi! Ishe amuka uye azviratidza kuna Simoni.” Ipapo vaviri ava vakataura zvakanga zvaitika munzira, uye kuti vakaziva sei Jesu paakamedura chingwa. Pava-kanga vachiri kutaura pamusoro pazvo, Jesu pachake akasvikomira pakati pavo akati, “Rugare ngaruve nemi.” Vakavhunduka uye vakatya, vachifunga kuti vaona mweya. Iye akati kwavari, “Munotambudzika neiko, uye seiko kukahadzika kuchimuka mupfungwa dzenyu? Tarisai maoko angu netsoka dzangu. Ndini iye! Ndibatei muone; mweya hauna nyama namapfupa, sezvamunoona ndinazvo ini.” Akati areva izvi, akavaratidza maoko ake netsoka dzake. Ruka 24:33-40

Bahle bathi lothu masinyane babuyela eJerusalema. Khonale bafumana abaliTshumi lanye kanye lalabo adabelabo bebuthene ndawonye besithi, “Kuliqiniso! INkosi isivukile yabonakala kuSimoni.” Kwathi labo ababili balandisa ngalokho okwakwenzakele endleleni, lokuthi uJesu bamnanzelela njani lapho aze ahlephule isinkwa. Bathi belokhu besakhuluma ngakho lokhu, uJesu yena ngokwakhe wema phakathi kwabo wathi, “Ukuthula kakube kini.” Bethuka besaba, bekhumbula ukuthi babebona ithonga Wathi kubo, “Kungani lihlupekile, njalo kungani kulokuthandabuza ezingqondweni zenu na? Khangelani izandla zami lezinyawo zami. Yimi mina ngokwami! Ngithintani libone; ithongo kalilanyama lamathambo njengoba libona ukuthi mina ngilakho.” Esetshilo lokhu wabatshengisa izandla lezinyawo zakhe. ULukha 24:33-40



Akati kwavari, “Izvi ndizvo zvakanyorwa kuti: Kristu achatambudzika agomuka kuvakafa pazuva rechitatu, uye kuti kutendeuka nokuregererwa kwezvivi kuchaparidzirwa kumarudzi ose muzita rake, kutanga paJerusarema. Imi muri zvapupu zvezvinhu izvi.” Akati avatungamirira kunze kweguta pedyo neBethania, akatambanudza maoko ake akavaropafadza. Achiri kuvaropafadza, akabva pavari akatorwa akakwidzwa kudenga. Ruka 24:46-48 & 50-51

Wabatshela wathi, “Nanku okulotshiweyo: UKhristu uzahlupheka aphinde avuke kwabafiteyo ngosuku lobuthathu, njalo ukuphenduka lokuthethelelwa kwezono kuzatshunyayelwa ebizweni lakhe ezizweni zonke, kuqaliswa eJerusalema. Lingofakazi balezizinto. Kwathi esebakhokhele waya labo eduze leBethani waphakamisa izandla zakhe wababusisa. Elokhu esababusisa wasuka kubo wenyuselwa ezulwini. ULukha 24:46-48 & 50-51

Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kuti akapa Mwanakomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi. Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana wake panyika kuti atonge nyika, asi kuti nyika iponeswe kubudikidza naye. Ani naani anotenda kwaari haatongwi, asi ani naani asingatendi atotongwa nokuti haana kutenda muzita roMwanakomana mumwe oga waMwari. Johani 3:16-18

UNkulunkulu walithanda ilizwe waze wanikela iNdodana yakhe iyiyo yodwa ukuze kuthi loba ngubani okholwa kuyo angabhubhi kodwa abe lokuphila okungapheliyo. Ngokuba uNkulunkulu kathumanga iNdodana yakhe emhlabeni ukuba iwulahle umhlaba, kodwa ukuba umhlaba usindiswe ngayo. Loba ngubani okholwa kuyo kalahlwa, kodwa ongakholwayo uvele uselahlwe ngokuba kakholwanga ebizweni leNdodana eyiyo yodwa kaNkulunkulu. UJohane 3:16-18

Kana tichiti hatina chivi, tinozvinyengera uye chokwadi hachizi matiri. Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose. I Johani 1:8-9

Uma sisithi kasilasono, siyazikhohlisa, njalo kasilaqiniso. Uma sivuma izono zethu, yena uthembekile njalo ulungile, uzasithethelela izono zethu asihlambulule kukho konke ukungalungi kwethu. I UJohane 1:8-9

Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri.” Johani 14:6

UJesu waphendula wathi, “Mina ngiyiyo indlela — njalo ngiliqiniso lokuphila. Kakho ozayo kuBaba ngaphandle kwami.” UJohane 14:6

“Uyai kwandiri, imi mose makaneta makaremerwa, uye ndichakupai zororo. Takurai joko rangu, mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo unozvininipisa, uye muchawana zororo remweya yenyu. Nokuti joko rangu hariremi uye mutoro wangu wakareruka.” Mateo 11:28-30

Wozani kimi lina lonke elikhatheleyo lelisindwayo, ngizaliphumusa. Zithwaliseni ijogwe lami, lifunde kimi, ngokuba ngimnene ngithobekile enhliziyweni, njalo lizazuza ukuphumula kwemiphefumulo yenu. Ngokuba ijogwe lami lilula lomthwalo wami kawusindi. UMathewu 11:28-30

Jesu akaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pavadzidzi vake, zvisina kunyorwa mubhuku iri. Asi izvi zvakanyorwa kuti mugotenda kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari, uye kuti kana mukatenda muve noupenyu muzita rake. Johani 20:30-31

UJesu wenza eminye imimmangaliso eminengi abafundi bakhe bekhangele, kodwa engabhalwanga kule incwadi. Kodwa le ibhaliwe ukuze likholwe ukuthi uJesu unguKhristu, iNdodana kaNkulunkulu, njalo ukuze kuthi ngokukholwa libe lokuphila ngebizo lakhe. UJohane 20:30-31

Ndini Arifa naOmega, wokutanga nowokupedzisira, kutanga nokuguma. Zvakazarurwa 22:13

Ngingu-Alfa lo-Omega, ukuQala lokuCina, iSiqalo leSicino. ISambulelo 22:13

AΩ



Munamato uyu unodudzira zvizhuviro zvemoyo wako here? Kana mhinduro yako iri hongu, namata munamato uyu nekuti Kristu achauya muupenyu hwako sezvaakavimbisa:

"Ishe Jesu, regererai zvitadzo zvangu. Ndinozarura musuo wemwoyo wangu ndichikugamuchirai se- Muponisi naShe wangu. Chitongai hwose upenyu hwangu. Ndishandurei kuti ndive munhu wamunoda. Ndinokutendai nokuuya muupenyu hwangu nokunzwa munamato wangu sokuvimbisa kwamakaita."

Zita _____ Musi wa _____

Lo umthandazo ugwalisa yini isifiso sehiziyo yakho? Uma ugwaiisa khuleka lo umthandazo. Christu ngena empilweni yami njengokwethembisa kwakho.

Nkosi Jesu ngiyanzelela ukuthi ngiyisoni, ngena empilweni yami. Ngiyabonga ngokungifela esiphambanweni Lokususa izono zami. Ngiyabongo ngokungithethelela izono zami Lokungipha impilo enaphakade. Ngiyakumema ukuthi ungene empilweni njengenkosi Lomsindisi. Ngiyakunxusa ukuthi uphathe impilo yami.

Ibizo _____ Usuku _____

Mifananidzo na: Linda Riddell

Isibonelo senziwa ngu: Linda Riddell

Scripture verses in Shona are from
Bhaibheri Dzvene MuChiShona, 2005

© International Bible Society

Ndebele Scriptures are from
The Ndebele Bible, 2002
© The International Bible Society

www.goodnewscoloringbook.org

Shona/Ndebele

